

BABI

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Panalungtikan

Hirup kumbuhna manusa di masarakat tinangtu perelu idéntitas anu nyampak dina dirina. Kitu ogé pikeun tempat di mana manusa cicing, duanana kudu miboga nu disebut ngaran. Nalika manusa gumelar ka alam dunya aya dua hal dina dirina, nyaéta ngaranna (*anthroponym*) jeung tempat lahirna (*toponym*) (Rais, 2008, kc. 1). Ieu hal bisa katitén yén ngaran jadi hal anu penting. Sabab jadi ciri idéntitas anu kacatet dina Akta Kelahiran, Kartu Tanda Penduduk (KTP), Paspor, Surat Izin Mengemudi (SIM) jeung dokumén lianna.

Salasahiji widang élmu nu ngaguar ngeunaan ngaran disebut *onomastika* anu kabagi jadi dua, di antarana anu kahiji, *antroponim* nu ngaguar riwayat atawa asal-muasal ngaran manusa; kadua, *toponim* nyaéta élmu anu ngaguar asal-muasal ngaran tempat, kitu nurutkeun Ayatrohaedi (dina Rais, 2008, kc. 53).

Dumasar hal di luhur, hirupna manusa di hiji tempat pasti ngahasilkeun kabudayaan sorangan. Budaya téh lahir tina hasil cipta, rasa jeung karsa ti manusa. Ieu hal patali jeung *kearifan lokal*. Kecap lokal hartina tempat atawa dina hiji tempat hirup hiji hal nu béda jeung di tempat séjén. Salasahiji produk tina *kearifan lokal* anu miboga ajén luhung tur pinuh ku rupa-rupa ma'na kahirupan téh nyaéta tembang. Salasahiji jinis tembang nu baris diguar dina ieu pedaran nyaéta tembang Sunda Cianjuran. Salian ti tembang Cianjuran, aya ogé vérsi séjénna saperti tembang Ciawian nu asalna ti Ciawi-Tasikmalaya jeung tembang Cigawiran nu asalna ti Limbangan-Garut (Hermawan, 2016, kc.26). Kecap Cianjuran di dieu lain panuduh hiji tempat. Tapi, mangrupa panuduh yén ieu tembang téh béda jeung tembang anu geus disebutkeun saacanna. Jadi, miboga gayana sorangan nu hartina tembang nu ngagunakeun gaya atawa ciri has 'Cianjur'.

Tembang mangrupa karya sastra wangun puisi heubeul nu dihaleuangkeun maké pakakas sora manusa. Ieu kasenian téh kaasup seni Sunda klasik nu iramana bébas (merdika). Tapi, masih kabeungkeut ku aturan-aturan nu ditangtukeun ku wangun-wangun pupuh atawa guguritan. Hartina geus miboga beungkeutan puisi nu tangtu (Ischak, 2006, kc. 6). Pupuh dina tembang miboga fungsi pikeun méré gambaran dina hiji tembang, misalna éta tembang téh ngagambarkeun hiji hal atawa

hiji suasana. Ku kituna, pangarang rumpaka téh kudu nyoko kana téma nu aya dina éta pupuh.

Pagelaran seni tembang sok dipirig ku rupa-rupa waditra kayaning kacapi indung, kacapi rincik, suling jeung rebab. Nilik kana kamajuan jaman, seni tembang geus ngalaman sababaraha parobahan. Salasahijina nalika mangsa mimiti muncul ieu kasenian téh ukur aya di sabudeureun kabupatian atawa pendopo. Ilaharna nu nongtonna ogé ngan ménak wungkul, malah harita disebutna ogé seni ménak. Tapi, ku ayana peran ti R.A.A Wiranatakusumah V, kasenian tembang bisa disaksikeun ku masarakat di saluareun ménak. Salian ti tembang, aya ogé ungkara sastra anu wangunna dangding atawa pupuh, sakapeung disebut guguritan sakapeung disebut wawacan (Rosidi, 2011, kc. 13).

Patalina kana kamajuan jaman, harita mah pangaruh kamajuan jaman téh bisa méré hal anu positif. Nanging, kiwari mah ayana kecap “pangaruh” téh réa méré hal anu leuwih negatif. Réa masarakat nu robah pola pikirna. Contona masarakat leuwih resep budaya deungeun ti batan resep ka budaya sorangan. Balukarna teu loba nu apal kana tembang Sunda, komo deui lamun ditanyaan ngeunaan wanda, wangun, jeung sajabana. Kadieunakeun loba parobahan anu kasampak dina ieu kasenian. Ieu hal dumasar kana analisis musikal tembang Sunda Cianjuran taun 1897-an, 1905-an, 1920-an jeung 1960-an (M. Y. Wiradiredja, 2012, kc. 283).

Lian ti éta, kamajuan jaman milu mangaruhan kana cara méré ngaran tempat. Anu mimiti mah ngagunakeun cara tradisional. Kiwari teu saeutik tempat di Jawa Barat anu ngagunakeun istilah deungeun. Padahal, dina toponimi pinuh ku unsur-unsur filosofis anu jadi ciri basa di éta daérah (Priyana spk., 2015, kc. 4). Lamun ieu hal tuluy diantep, éta tempat nu boga unsur budaya téh lila kalilaan bakal leungit tur urang moal bisa ngawariskeun pangaweruh ka generasi satuluyna. Sabab tempat téh kacida pentingna dina kahirupan

Luyu kana sababaraha pasualan di luhur, ieu tulisan bakal museur kana unsur toponimi nu aya dina rumpaka tembang. Dina lagu nu judulna Degung Manintin Sérang aya unsur toponimi nu unina “*Kuncina lawang kadaton ditéma ku Palasari sarina dayeuh Sumedang lieuk gunung lieuk pasir Galurda ngupuk lemahna perwatek loba nu sakti*”. Ku kituna, pikeun meunangkeun hasil panalungtikan anu hadé, ulikan nu digunakeun nyaéta struktural.

Saperti karya sastra lianna, rumpaka tembang ogé miboga struktur beungkeutan unsur-unsur anu silih pakait tur miboga harti. Hartina, dina rumpaka tembang aya struktur nu tangtu. Nalika nganalisis strukturalna, karya sastra perelu ditalungtik tur ditoténan kalawan merhatikeun ngeunaan harti, peran jeung fungsina sarta sagala hal nu pakait jeung éta unsur. Karya sastra mangrupa karya seni nu ditepikeun ngagunakeun alat basa. Minangka karya seni, wangun karya sastra diciptakeun salawasna aya dina ngolah unsur-unsur éstétik (kaéndahan sastra). Karya sastra mangrupa gambaran atawa tafsiran ngeunaan kahirupan nu ditepikeun ku pangarang mangrupa gambaran tina rasa, kahayang/harepan, idé, pikiran jeung sajabana (Cahyadi spk., 2016, kc. 1).

Salian ti maluruh strukturalna, ulikan séjén anu digunakeun nyaéta *lokal wisdom* atawa *kearifan lokal*. *Kearifan lokal* bisa dihartikeun salaku gagasan-gagasan nu aya di hiji tempat nu miboga sifat wijaksana, pinuh kearifan, miboga ajén nu alus, anu nyangkaruk sarta dituturkeun ku masarakatna (Qodariah, 2013, kc. 11). *Kearifan lokal* mangrupa kamandang hirup sarta élmu pangaweruh minangka stratégi kahirupan nu diwujudkeun dina kagiatan sarta dilakukeun ku masarakat lokal dina ngajawab rupa-rupa masalah pikeun nyumponan kahirupanana. *Kearifan lokal* mangrupa bebeneran nu ajeg dina hiji daérah. Di jerona miboga ajén kahirupan nu luhung, sarta payus tuluy diguar, dimekarkeun tur dimumulé minangka antitésis parobahan sosial budaya dina mangsa modérn. Ayana *kearifan lokal* didadasaran ku kaonjoyan budaya masarakat dina hiji tempat ditambah ku kaayaan géografis dina harti nu jembar.

Tembang Sunda Cianjuran mangrupa salasahiji conto tina *kearifan lokal*. Ieu kasenian téh geus jadi ciri anu nyampak pikeun masarakat Sunda, hususna di daérah Cianjur sorangan. Ku sabab lagu tembang Sunda Cianjuran téh kacida réana. Ku kituna, pikeun dijadikeun data dina ieu panalungtikan diwatesanan ngan sabelas lagu. Di antarana *Dangdanggula* (Dalem Pancaniti), *Dangdanggula* (NN), *Pamuradan*, *Papatét*, *Mupu Kembang*, *Degung Manintin Sérang*, *Manangis*, *Pangrawit*, *Panglenyap*, *Sanga Gancang* jeung *Macan Ucul* anu sakabéhna dianggap nyumponan kana maksud jeung tujuan ieu panalungtikan.

Salian maluruh kana eusi anu aya dina élmu étno linguistik, ieu pedaran miboga udagan pikeun ngaaprésiasi kana kasenian tembang Sunda Cianjuran. Lian ti éta,

ieu tulisan téh dipiharep bisa méré pangaweruh anyar ka sakumna masarakat ngeunaan tembang Sunda Cianjuran. Husuna pangaweruh ngeunaan struktur jeung toponimi. Sabab nurutkeun Kadmon (dina Rais, 2008, kc. 1) manusa bisa leungit harta bandana tapi moal bisa leungit ngaran dirina jeung tempat lahirna. Ku kituna, ayana ieu tulisan dipiharep bisa méré kasadaran sarta ngeuingkeun ka masarakat, hususna masarakat Sunda ngeunaan pentingna ngamumulé budaya sorangan.

Minangka manusa nu hadé dina sosialisasina, tangtu kudu apal ka ngaran sasamana. Saupamana urang mikacinta hiji ngaran sabab éta ngaran ngandung hiji ma'na. Sedengkeun nurutkeun Nida dina (Sudaryat, 2014, kc. 50) nétélakeun yén prosés méré ngaran hiji hal patali jeung acuanana. Hartina kagiatan méré ngaran mangrupa hal nu konvensional tur arbitrér.

Ieu panalungtikan téh lain anu munggaran. Aya sababaraha panalungtikan samémehna anu kungsi ngaguar ngeunaan tembang Sunda Cianjuran, diantarana “Tilikan Struktural jeung Semiotik kana Rumpaka Cianjuran Wanda Rarambatan sanggihan Ubun Kubarsah pikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di SMA” (Dimas Patria, 2012), “Ajén Éstétika dina Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran pikeun bahan pangajaran di SMA kelas XI” (Kresna Pragita Sujiwa, 2011), “Ulikan Struktural jeung ajén Etnopédagogik dina rumpaka Tembang Sunda Cianjuran Wanda Panambah karya Mang Bakang pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SMA” (Noni Mulyani, 2013). Nanging, nu jadi pangbeda dina panalungtikan panulis téh nyaéta leuwih nyoko kana toponimi nu aya dina rumpaka tembang Sunda Cianjuran.

Sakumaha anu geus dipedar di luhur dipiharep aya kasadaran ngeunaan pentingna ngamumulé seni sorangan. Anapon ieu panalungtikan téh baris dilaksanakeun kalawan judul “Toponimi dina Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran (Ulikan Struktural).

1.2. Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan di luhur, idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan téh nyaéta

- a. Dina rumpaka tembang kapanggih sawatara ngaran patempatan
- b. Teu mikanyaho unsur-unsur struktural dina rumpaka tembang Sunda Cianjuran.

Noorca Aburahman, 2023

TOPONIMI DINA RUMPAKA TEMBANG SUNDA CIANJURAN (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- c. Teu mikanyaho kumaha prosés méré ngaran patempatan utamana nu ngandung ajén sajarah.

1.2.2. Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, ieu panalungtikan téh dirumuskeun kana sababaraha patalékan di handap.

- a. Naon waé ngaran patempatan nu kapanggih dina rumpaka tembang Sunda Cianjuran?
- b. Kumaha struktur formal pupuh dina rumpaka tembang Sunda Cianjuran?
- c. Kumaha struktur puisi (lahir jeung batin) dina rumpaka tembang Sunda Cianjuran?
- d. Kumaha pola anu digunakeun pikeun méré ngaran-ngaran patempatan nu aya dina rumpaka tembang Sunda Cianjuran?

1.3. Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis sarta néangan bagian rumpaka mana anu kaasup kana unsur toponimi. Hususna tina lagu nu judulna Dangdanggula, Dangdanggula (Dalem Pancaniti), Degung Manintin Sérang, Manangis, Mupu Kembang, Sanga Gancang, Pamuradan, Pangrawit, Panglenyap jeung Papatet . Sarta sangkan apal ogé maham kana patempatan anu aya di tatar Sunda. Hususna patempatan anu pinuh ku unsur-unsur sajarah.

1.3.2. Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun:

- a. Maluruh sawatara patempatan anu kapanggih dina rumpaka tembang Sunda Cianjuran
- b. Ngadéskripsikeun unsur-unsur puisi pupuh dina rumpaka tembang Sunda Cianjuran.
- c. Ngadéskripsikeun pola anu dipaké dina sistem méré ngaran-ngaran patempatan nu aya dina rumpaka tembang Sunda Cianjuran.

1.4. Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1. Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré mangpaat anu gedé, hususna pikeun panalungtik satuluyna. Leuwih husus deui pikeun panalungtik anu ngaguar unsur toponimi dina rumpaka tembang Sunda Cianjuran. Sarta bisa nambahan pangaweruh ngeunaan sastra anu diadumaniskeun jeung budaya. Lian ti éta, mugia loba jalma anu kahudang karep jeung resepna kana sastra Sunda hususna ngeunaan dunya haleuang tembang.

1.4.2. Mangpaat Tina Segi Kawijakan

Mangpaat tin segi kawijakan, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngaronjatkeun karep masarakat din cara méré ngaran patempatan anu kudu saluyu jeung aspék-aspék nu aya di sabudeureunana. Salian ti éta, pikeun pamaréntah dipiharep bisa leuwih merhatikeun deui kana seni jeung kabudayaan, hususna tembang Sunda Cianjuran.

1.4.3. Mangpaat Praktis

Sacara praktis dipiharep ieu panalungtikan téh bisa méré mangpaat:

a. Pikeun panalungtik

Leuwih ngajémbaran deui pamahaman ngeunaan eusi tina rumpaka hiji tembang pon kitu deui panambahna. Anu pastina henteu ngan ukur unsur toponimina wungkul. Tapi, pasti loba kénéh unsur-unsur séjénna anu bisa diguar.

b. Pikeun panalungtik satuluyna

Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep bisa jadi sumber pikeun nalungtik satuluyna anu sarupa ngaguar ngeunaan unsur-unsur dina rumpaka tembang Sunda Cianjuran. Hususna, nu patali jeung unsur struktural sarta unsur toponimi.

c. Pikeun masarakat

Masarakat teu bisa diapilainkeun, sabab satemanna urang mangrupa bagian ti masarakat. Ku kituna, dipiharep ieu panalungtikan téh bisa méré pangaweruh ngeunaan tembang Sunda Cianjuran anu leuwih jero deui. Dina émprona mudah-mudahan méré pangaweruh ogé ngeunaan unsur-unsur dina tembang Sunda Cianjuran.

1.4.4. Mangpaat tina Segi Isu Étik jeung Aksi Sosial

Mangpaat tina ieu panalungtikan saupama ditilik tina isu étik jeung aksi sosial, dipiharep bisa mantuan masarakat ngeunaan kumaha cara méré ngaran hiji patempatan. Salian ti éta, ieu panalungtikan bisa nambahan informasi ngeunaan sagala rupa hal nu nyangkaruk dina tembang Sunda Cianjuran, hususna ngeunaan unsur toponimi.

1.5. Raraga Tulisan

Ieu skripsi kawangun ku lima bab, anu diwincik saperti di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir. Eusina ngeunaan tiori-tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir. Dina ulikan tiori eusina ngeunaan tiori toponimi, tembang Sunda Cianjuran, struktural.

Bab III Méhode Panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, jeung instrumén panalungtikan.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngeunaan hasil analisis jeung déskripsi ngeunaan ngaran patempatan nu aya dina rumpaka tembang Sunda Cianjuran.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékomendasi, eusina ngeunaan kacindekan, implikasi jeung rékomendasi dina ieu panalungtikan.